

# Trauma Healing And Reconciliation Services

Ikigo Cishinze Kuvura Abahamutse no Kunywanisha Abantu



24 58 24

BP:6311  
Bujumbura

Ikinyamakuru  
Kimenyasha  
Ibikorwa vya THARS.

Inomero ya 2

## HAMWE HOGUMA ARI KU MURANGO NOSUBIRAYO.

### IBIRIMWO

☞ HAMWEHOGUMA...

☞ IHAHAMUKA  
RISHOBORA KUBA  
KARONDA

☞ IBIMENYETSO  
VY'UWAHAMUTSE

☞ UBUAGATIMA  
KARASUBIYE  
HAMWE

☞ MITENDE YOSENI  
THARS

Intambara yo mu 1993, yarononye imibano y'abantu babana ku mitumba.

Imbere y'uko intambara yaduka, imisozi yo mu Burundi wayisangako ubwoko bwose, barimira hamwe, bakaragira hamwe. Eka babana neza ata wandya wangura. Igihe c'intambara ni ho mu mitumba imwe-imwe, abanyagihugu bisobanuye: bamwe baba mu makambi

y'abateshejwe izabo, abandi basigara ku mitumba. Ubu rero nk'uko

gusangira agacupa n'abasigaye ku mitumba. Ariko rero, hari igihe



biboneka kw'amahoro ariko aragaruka, ni co gituma ababa mu makambi y'abateshejwe izabo bashobora kuja kurima iyo baje bava, hanyuma bagasubira mu makambi yabo. Kandi iyo bagiye iyo bahora, barashobora

gacamwo, abateshejwe izabo bakagiriza abasigaye ku mitumba ko baboneshereza imirima, iyo yeze na ho ngo bakayiba. Kuri ico kibazo hari abasigaye ku mitumba bavuga yuko na bo nyene bibana hagati yabo. Bati Birumvikana k'umuntu aba

kuri site, asanze bamwoneshereje canke bamwivye, aca avuga yuko babigize kubera

amacakubiri afatiye ku bwoko.

Ubajije abasigaye ku mitumba ingene bosubira kwuzura n'ababa mu makambi y'abateshejwe izabo, baca bakubwira ngo: Baraza dusubire tubane ku mitumba yacu, twibagire akahise. Ubajije ababa mu ma site na bo uti Mbega vyogenda gute kugira musubire kubana n'abagenzi banyu basigaye ku mitumba? Na bo baca bakubwira bati "Baraza

tubane hano, tugire ibigwati, tuzohore tuja kurima amatongo yacu ari mu misozi.

Mu ncamake, bamwe bavuga bati: Baraza tubane. Abandi bati: Baradusanga aho tuba tuzobakiriza yompi. Ikinyamakuru ca THARS



Ibukurikira: urupapuro rwa 2

**HAMWE HOGUMA ARI KU MURANGO NOSUBIRAYO.**

carabajije umwe mu baba mw'ikambi y'abateshejwe izabo, kiti: "Ko muja kurima, mukimbura, ni kuki mutemera kuja kubayo?"

Asangwa impunzi yahungiyeye mu gihugu hagati igira ingorane, hari akantu impunzi yahungiyeye mu mahanga. Umviriza uwo

*Ubaho ubuzima nk'umunyagahinga. Kure yo mu gihugu cawe, Uhura n'agacinyizo ntihagire uwugutahura. Kure yo mu gihugu cawe, Ukubahwa kwawe kurononekara. Kure yo mu gihugu cawe, Abantu babona ataco wimariye Kure yo mu gihugu cawe, Abawe bagushirako ubona.*

*Kure yo mu gihugu cawe, Abagenzi barakwihakana. Kure yo mu gihugu cawe, Uribwa n'igikoko kitagira amenyo. Kure yo mu gihugu cawe, Uhindurwa ikiremwa kijuragizwa. Kure yo mu gihugu cawe, Umutima wawe umenya amaganya menshi. Kure yo mu gihugu cawe, Ubuzima buboneka ko ataco bumaze, ataco bumaze na gato. Muhira ni Muhira mw'Ishamba ni mw'Ishamba."*



Uruganda rwo kuvura ihahamuka

Yaciye yishura ngo: "Hamwe hoguma ari ku murango ntibwire, aho nokwemera gusubirayo." Abazi ivyerekeye ihahamuka baca bavuga ko abo bantu batinya ivyo bahaboneye mw'ijoro.

munyasudani yaririra mw'ikambi y'impunzi iri muri Kenya: "Kure yo mu gihugu cawe, Uwo ari we wese agufata nk'aho ataco umaze. Kure yo mu gihugu cawe,

*Umwubahwa w'umutama afatwa co kimwe n'umwana. Kure yo mu gihugu cawe, Ugira ukwihangana hagati y'icaga. Kure yo mu gihugu cawe, Umeze nk'umwana yacutse hataragera.*

"Vyabuwe mu gitabo: UKUBANGURANYA, canditswe na David Niyonzima hamwe na Lon Fendall"

**INGENE IHAHAMUKA RISHOBORA KUBA AKARONDA**

Nakuriye mu muryango w'abakristo mw'idini rya Katolika. Dawe ntiyari avyitayeho yaraduhimiriza gusa ngo tubeho duhabwa amasakaramento. Yaja mu misa gake, n'umwaka warashobora guhera. Mawe nawe yakunda kwumva imisa ya kabiri, tukama tujana; ntiyigera asiba canke ngo acererwe. Ariko rero hariho ikintu cantangaza: Dawe naho ivyo gusenga atari avyitayeho, yari

umuntu abana neza. Umwana akoze ikosa (hamwe abana bagwana, canke bonona ivyo mu nzu), ntiyamukubita, yaramwerekako yashavuye, agaca abangura urushi, aho yoshizeko agaca amubaza at' "Uzosubira?" na we agaca abanguka kuvuga n'ingoga ati "Sinzosubira". Ubwo nyene bigaca biherera ng'aho. Naho waba wakoze ikingana iki, wihuse kuvuga uti

"Mbabarira", vyaba biheze. Agaca atangura kurondera ingene asanura icononekaye.

Ese rero Imana ikwanse Mawe akaba ari we amenye ko wakoze ikosa, waca umenya ko ubwawe buheze. Jewe naca ntangura kuvuga mwaramutse Mariya ndazibisikanya kubera ubwoba. Iwe kurera umwana kwari ugukubita, ikigongwe nticabaho :

gisabe canke ukireke vyarasa. Ikindi na co, ntiyagaya ico agukubitira canke ico agukubitisha. Nimba umushavuye ariko aracumba, yagukubita umudahara, yaba ariko ararura yagukubita icaruzo, asangwa yaba ariko ararima yagukubita umuhini w'isuka kandi bikajana n'ibitutsi: "urakarenzwa ivu, urakamaramara, urakameneka". Nko mu gihe rero yaba agutumye

**INGENE IHAHAMUKA RISHOBORA KUBA AKARONDA**

nk'ikintu ukakirondera ukakibura yaca akubwira ko ayo maso yopfuma ahuma. Ubonye agomba aje ahantu ukamubaza ko mwojana adashaka, mu kukwishura yaca akubwira ngo urakajana na Waga (uruzi). Ni ibihe vyinshi niyumvira kwomoka, kandi nkiyumvira ko yoba atari Mawe yamvyaye, mugabo nkabona twese abana ni ko adufashe.

Incuti zacu, cane cane ba Senge, bari bazi ubukazi bwiwe bakatwumvira ikigongwe gusa. Ibi rero bikanyemeza naho yadukarira ivyo arivyo vyose ni we Mawe.

Mmaze gutora ca kibazo ca Leta gikorwa mu mwaka wa gatandatu, naciye nja kwiga ndarayo ngira nti "Wa Mana we !" Kandi kuva ubwo ntiyongeye kunturubika cane atari nka rimwe rimwe. N'abandi bana bankurikira na bo nyene bahavuye baja mu mashure yisumbuye tukama tuza mu kiruhuko adukumbuye natwe tumukumbuye.

Ingene vyankozeko.

Maze kurangiza amashure yisumbuye, natoranye umwuga wo kwigisha kandi narumva ko nkunda abana nigisha. Mugabo, hagize uwugira ikosa ngasanga ariko arasamara canke ariko arayogora naramukubita

gushika naho... Nama nca nshavura kandi kugira



Ugukubita umwana kubi

ishavu rihere naca nkubita. Kandi jewe aho sinumva ko ndiko ndonona ubuzima bw'abana, numva ndiko ndakosora, nkumva ndiko ndabashira ku murongo. Erega gukubita nti vyari bibi bavyeyi, ariko urazi gukubita umuntu nk'ukubita inzoka ? Ukamenga uriko ukubita ikibi kiri muri we ? Ukibagira ko uriko ukubita umuntu? Erega burya "inkoni ishikira igufa, ntishikira ingeso"! Harageze igihe nkabona ko ndenza urugero, nshaka kugabanura ariko ntivyakunda, kuko ishavu ryama rintanga imbere. Maze kwibaruka vyagumye uko nyene, abayaya bama baragenda, ikitavuzwe co n'ababoyi. Umugabo atangura kumbaza ngo "Mbega wewe ni kubera iki ukara cane?" At' "Erega ugukara ntaco kumaze !" Mugabo ntaco nahindura.

Ingene Nakize

Nagiye aho bakarihiriza ubwenge mu ruganda rw'ivyo ihahamuka muri THARS, batwigisha ivyitwa Ingene ububisha buba akaronda "Cycle de la violence", Ibitera ihahamuka ivyo ari vyo, batubwira ko muri vyo

ugukubitwa cane nk'umwana no kubwirwa amajambo arandura umutima ko bituma umwana ahahamuka. Nagiye natahura rero ico ivyo nacyemwo nk'umwana vyakoze ku mero (personnalité) yanje. Sinarinzi ingene ushobora gukosora umwana utamukubise canke ngo umurye umutima.



Umwigisha muruganda

Ariko rero inkuru y'umwana isubira inyuma. Umusi umwe sinzi ico twakuyeko, Mawe ahora

aridoga, avuga ingene nyina yari igikoko. Aca arabandanya ngo Mawe yarashobora ku kwiriza ubusa indya ziriho, yitwaje ngo "umukobwa ni uwuzi kwihangana". Ako ndakabika. Uwundi musu nyene sinzi ico twari dukuyeko, kandi aca ajako aratwiganira ingene nyina yakuze ari impfuvyi. Yabaye impfuyi kuko se ari we yishe nyina, amukubise ahatariho. Maze rero abo iwabo na nyina baca baroga uwo mugabo aca arahwera. Abo bana ari babiri ntaho bagenda kurerwa ngo bumve babanezererewe kuko bagiye ibuse, baca babaryagumba ngo abo iwanyu na nyoko ni bo baduhekuye. Aho bitirirwa barapima kuja hoho ni ibunyina. Nyokuru rero ahava apfa kwihendekereza kwa Inasenge, kuko ico gihe nta bana bo mw'ibarabara babaho, nta n'amabarabara yaribwabeho. Uyu inasenge aramurera mugabo amurera ata rukundo amufitiye. Nyokuru yarinze ahwera afise imyaka tutazi yishwe n'ubusaza acigana ingene inasenge yamukubita imivumvu. Mu gihe yaba ariko arabikwiganira yabivugana intuntu nyinshi ukabona ko vyamuteye igisebe kitarakira na bugingo n'ubu n'aho yari afise imvi. kandi ivyo vyari vyabaye ari umwana muto.



## MITENDE YOSE NI THARS.

Uwitwa  
NSANZURWIMO  
Milikiadi (Si zina ry'ukuri),  
wo mu ntara ya Muramvya  
na we nyene  
yaraseserekejwe ubuzima  
ngaha akaba avuga  
ingene vyagenze.  
"Abantu bambaye  
impuzu za gisirikare  
bansanze imuhira,  
urabona ko nanje ko ndi  
umutama. Barambaza  
ngo ni ndabereke iyo  
abahutu bagiye,  
ndababwira ko bahunze.  
Bati None wewe uri  
umuki? Nanje nti Ndi  
umuhutu. Bambaza  
igituma ntahunze  
nk'abandi. Ni ko kubishura  
ko ntahunze ariko ko  
nanyegeje abatutsi. Bariko

barantuka ibitutsi vyinshi,  
bambwira ngo ndabereke  
aho nanyegeje abo batutsi,  
ndahabereka. Bamwe muri  
bo baca baherekeza abo



batutsi nari nanyegeje,  
babajana kuri position,  
abandi bansigarako,  
barankubita nk'uwukubita

inzoka. Baramvunagura  
bimwe bikomeye, nsigara  
ndi iyondoyondo, nabaye  
itabi. Ibihimba vy'irondeka  
vyose birononekara, eka  
nsigara ataho  
nciyumva.  
Bansize bibaza  
ko napfuye,  
baca banta mu  
kinogo, ndaraho  
ata n'ubwenge  
ngifise. Mu  
nyuma  
abampumutseko  
ni bo bantwaye  
mu bitaro vy'i  
Muramvya.  
Namaze imyaka  
ibiri mvurirwayo  
ariko biranka ko mva hasi.  
Mu nyuma abana banje  
bahavuye banjana mu  
bitaro vy'i Gitega. Aho

naho mmarayo umwaka.  
Mbone ko vyanse ni ho  
nagaruka imuhira nihebuye.  
Ukuboko kw'ibubamfu  
sinshobora kugutaramura,  
izosi ririmwo ivyuma,  
ibihimba biranga umugabo  
vyaragiye vyose.  
Mukwituma umwanda  
mutoya, namaze umwaka  
wose nkoresha ivyuma  
banshizemwo. Ubu urura  
rwarahindukiye, ndituma  
neza. Rero maze kuva mu  
bitalo vy'i Gitega, ikigo ca  
THARS gifasha abagize  
ihahamuka ni co caciyeye  
kinyakira, kirandemesha  
kirankurikirana mu  
kumvura ihahamuka.  
Murumva ko mu  
bahahamutse nari mu  
bambere. Nariganiye



Ibikurikira: urupapuro rwa 8

## INGENE IHAHAMUKA RISHOBORA KUBA AKARONDA

Ni mwibaze namwe  
gukubita umwana  
inkoni ikamukorako  
kugeza naho azorinda  
ahwera ivyo bintu  
atavyibagiye.

Akaronda k'Ihahamuka

Izi nkuru nagiye kwubaka  
ndazizi, ariko sinibaza ko  
hari ico zipfana. Sinarinzi  
ko hari isano hagati  
y'inkuru ya nyogokuru  
avyara Mawe, n'inkuru ya  
Mawe, n'inkuru ya jewe  
y'ingene nakubiswe nkiri  
umwana. Nanje nari mfise  
kameremere mbi, nkama  
ndiko ndagwana na yo ngo  
ihere ariko ikanesha.

Maze kwumva neza icigwa  
c'ibintu bitera ihahamuka  
n'ingene ritera akaronda ni  
ho naciye ntangura kubona  
umuzi w'imeroyanje.  
Nsanga uko narezwe nanje  
niko nariko ndarera.  
Nsanga kandi ko narezwe  
uko na bo bari bararezwe.  
Nsanga no mu muryango  
w'ibumawe hariho abana  
batakuriye aho nyokuru ari  
kuko bakozweko n'iyo  
mero ya nyogokuru ku  
buryo bahavuye  
bakomoka. Kubera ko  
kera abantu bari bameze  
neza kuruta ubu, abo bana  
baraja gushumbira abantu  
kure bakazohava biberayo.

Nsanga mu muryango  
turafise inkurikizi nyinshi  
mbi z'ukwo gukara.  
Akarorero ni ukwahukana  
no kurongora abagore  
benshi. Marume  
yararongora umugore, uwo  
mugore agatangura  
akihangana hanyuma  
agahava akananirwa,  
kugeza aho ata akomoka  
kubera inkoni n'ibitutsi vya  
minsi yose, agasigaho  
abana. Bukeye kabiri  
Marume akazana  
uwundi mugore uwo na we  
bikagenda uko nyene.  
Abagore Marume  
yarongoye wobaharuzza  
ikaramu; kandi bose  
bomorwa n'ikintu kimwe.

Abana yavyaye,  
uwoguhenda  
n'uwokubwira ngo arabazi;  
na bo ubwabo ntibazinyani.  
Mu bo bavukana, Mawe ni  
we yitwa ko ari intungane,  
ni we ahanura basazawe  
iyo bagomba bahukane, uri  
aho bikunze uri aho  
vyanse.

No mu bana tuvukana  
nyene ndabona dufise  
inkurikizi mbi zaturutse k'  
ugukara kwa Mawe. Bose  
ntibakozweko mu buryo  
busa canke bungana  
mugabo usanga hariho  
imeroyuhurirako twese.  
Iyo mero ni nko kumva



Ibikurikira: urupapuro rwa 5

## INGENE IHAHAMUKA RISHOBORA KUBA AKARONDA

tudafise ukwiyemera, ugasanga twama twikengera canke tukama twicura ko batugaya. Iyo umuntu atwishuye tukumva umengo ahava adushira hasi. Ico bita mu rurimi rw'igifaransa « estime de soi », ntayo dufise. Abana tuvukana usanga ari abantu bama bikumira n'aho mu vyo umubiri usanga ataco tubaye. Mu vyo imfungurwa, itongo ni rinini kandi riramera; mu vyo inyambaro no mu vyo amashure, uwutize yarahejeje amashure y'intango. Ugaca usanga twama turi inyuma mu vyo imibano no mu vyo gucudika n'abandi kuko murazi ko abantu bakwegera kandi bakakwubaha bakurikije uko nawe wiyubashe.

Uti none vyagenze gute?

Baca umugani mu Kirundi ngo "Uwigize igikutso bamuyoza amase", kandi ngo "Uwigize ishamba baramusenya". Mu vyirwa THARS itanga harimwo ivyo bita Ingene Ihahamuka n'ububisha biba akaronda "Le Cycle du Trauma et de la Violence" Ico cigwa campaye kwitahura, ndatahura iyo mero mbi yo gukara yari yaranyiganziye. Narabonye ko ndi "Umwungu wa rwa ruyuzi". Umuzi watumye mba uwo ndi nca ndabona uwo ari wo. Kandi nca

ndihweza umuntu wese wo mu muryango nsanga



*Ugusenga kurashobora gukiza ihahamuka*

arafise ingene afise iyo kamere. Nca ndavyiga nsanga turafise inkurikizi mbi kandi ko tudahindutse dushobora kuguma tubihererekanya n'abo tuvayeye. Nta wundi muti nanyoye atari kwitahura. Kubera nsanzwe nsenga, nca nsaba Imana ndomako urutoke ku ngorane yanje, mbona biratanguye biragananuka. Narageze n'aho nsaba ikigongwe abana. Ubu n'iyi ndanzutse nca numva akenge kagarutse nkumva ngo "Uramenya iwanyu murafise imero yo gushavura vuba no mu gihe bidakenewe", ngaca noroha.

Aho nyene mu vyirwa THARS itanga, hariho icigwa citwa Umwifato wogira igihe ushavuye (La gestion du stress et de la colère). Ivyo na vyo nyene vyaranyunganiye kuko murazi ko mu buzima twamana ibintu bitubabaza,

ishavu rikavyuka ukaza wumva uriko urasunikwa

kurisuka ku bo urusha ububasha nk' abana, ababoyi n'abayaya. Ikindi na co camfashije ni ugushobora kubivugana na Mawe nkoresha imvugo itamucira urubanza. Ibi na vyo vyacyiye bimpaga gutahura ibitari bike ntashobora gutahura nkiri umwana. Kandi nariyumviriyeye no kuri Dawe. Yari umunyamahoro n'aho ivyo gusenga yabigendamwo bukebuke. Nasanze ko uko twavutse, uko twarezwe, inyifato abavyeyi batureranye iradukurikirana dukuze. N'aho wokwiga amashure angana gute, kurya kuntu warezwe nawe ni ko uzorera. Dawe na mushiki we (senge) bavutse ari abana batandatu hapfa abana bane muri bo Dawe na mushiki we baba ari bo bakura gusa. Se na Nyina barakundana. Ivyaboneka vyose vyo gutunga umuryango hamwe

n'ivyokurya vyaronderwa vyaba ari ivyo abo babiri; babafata nk'amata y'abashitsi.

Ubu rero iyo Mawe ndamuronse akaryo, ndaza ndamusomborotsa buke buke tukaganira ivyo abubatswe, ngasanga hambavu y'ako kamere yo gukara yari yarareranywe, na we nyene ubuzima bwo mu rugo ntibwari bumworoheye namba. N'aho Dawe yakunda umugore n'abana biwe, umuryango wiwe waragerageza kumuteranya n'umucance wiwe ari we Mawe, bagafatira k'ukuntu batari bahuje ubwoko. Mawe yamye ari umugore kw'isuka arima akararayo, indya na zo zikama ari dya nawe, abana na bo akavyara asubizako, eka urugo rugahinda inka n'ibibondo. Kubw'ivyo ni ho abo iwabo na Dawe baza barishimikiza ivyo vy'amoko mu gufata nabi Mawe bamuteranya kuri Dawe. Haragera igihe rero, nk'uko baca umugani mu kirundi ngo "ucibwako amate na benshi uguhava ugatota", Dawe agahava akababaza Mawe.

Twebwe rero nk'abana ivyo nta vyo twamenya. Ico twabona, ni uko Mawe yari umuntu mubi, yama ashavuye, watirigana na gatoya akaba yakurandaguye, inkoni

**IHAHAMUKA RISHOBORA  
KUBA AKARONDA**

ngizo, ibitutsi ngivyo. Mu mihana hose tukagenda turabibwira abantu ko Mawe ari igikoko. Kandi baravyemera kuko "uwunizwe n'amata nta wundi mwerera". Ikintu rero kintanganza: ntiwumva ko nyokuru yakara, maze ivyo gukara akabiha Mawe, Mawe na we akabimpa? Urukundo Mawe yakunda Nyina, sinoronka ico ndarugereranya. Nyokuru amaze kugera mu zabukuru, atagishobora kurima, Mawe yaciye amwiyegereza amuzana iwe amurera nk'umwana. Nyokuru yapfuye yisaziye mu mwaka w'2003 afise imyaka tutazi, mugabo tugahwihwisha ko yoba yari yavutse mu mwaka w'1890 dukurikije ivyo yaza aravuga. Yarasigaye atunzwe n'umusururu, akaguma aryanye. N'aho amagume yatera

bagahunga, bamusiga aryanye, bihumuye, Mawe agaca agenda arakinjakinja ngo arabe ko yaramutse ngo yongere amushigishire agasururu. Jewe nanje ntiwumva ko Mawe yanturubika nkamwanka? Aho ntoreye ca kibazo ca leta nkaja mu mashure yisumbuye, umuntu wa mbere numva nkumbuye yaba Mawe. Tugiyeye mu kiruhuko ngashika imuhira, mu gihe naba ntarabona Mawe numva kitarururuka! N'ubu nubatse numva afise ikibanza gikomeye muri jewe. Iyo ngiye kumuramutsa, nitwararika gutwara indagara kuko nzi ko azikunda. Umwana wanje w'imfura na we nyene kuko namukariye cane mu ntango, harageze igihe nkibazako azonyanka; ariko ndabona ko ankunda.

**IBIMENYETSO BIRANGA UWAAHAMUTSE.**

*Bimwe mu bimenyetso bikuranga iyo wahahamutse ni kwumva udakwiye kuja aho abandi bari, ukikumira. Abantu bagaca batangura kuvuga ngo "Naka asigaye yankana, ntakiramukanya". Umugabo yagukubise bimwe bibi ugasigara wumva isoni, umengo nturi umugore akwije ivya ngombwa. Aho abandi bagore bakoraniye ukumva wewe ntiwojamwo. Iyo wakorewe ivyo uwafashwe ku nguvu naho nyene ni uko. Wumva umengo mu kugira ivyo vyago bigushikeko ni uko utameze nk'abandi.*

*Iyo mero nari ndayizi ku bantu batari bake. Ariko naratangaye ejo bundi aho numviye umwana w'umuhungu w'imyaka cumi n'itanu yaje gufashirizwa muri THARS. Uwumureze yaje ababaye caane; avuga ko umwana yamunaniye, ko*

*ishure yahevyeye, ari igisuma. Ati Mugabo ikiruta vyose kandi kindaje ishingira n'uko atanguye kuza ararara mu gahinga tukamurondera tukamubura. Abaganga baho batanguye kuganira n'uyo muyabaga, harageze igihe baramubaza bati "None wewe kurara mu gahinga bikuzamwo gute? Yabahaye inyishu twashaka gusangira nawe uriko urasoma iki kinyamakuru. Yababariye ati "Jewe numva ndi umwana mubi caane, maze nkumva ngomba kuruhurira bano bantu bantunze (se wabo) ngo ndabahe agahengwe; bareke kuguma babona uwo 'muntu mubi'. Kandi ibi ngo yabivugaga ata buryarya canke agahemo karimwo. Haheze iminsi yaciye aza azananye na Inasenge gushimira abo muri THARS ngo umwana asigaye ameze neza, kandi ko yanasubiye no mw'ishure.*

**UBU AGATIMA KARASUBIYE HAMWE.**

Hano mu Burundi tumaze imyaka irenga 10 turi mu ntambara. Ababica bigacika, bakanasesereza ubuzima bw'ababantu bari abasirikare b'igihugu hamwe n'abitwaje ibirwanishwa. Ikigo THARS kirafasha abahahamutse bivuye k'uguseserezwa ubuzima abantu bagiriwe mu gihe c'intambara. Ivyo mugira musome ni ivyashikiye umugabo yitwa

Ndarujemwo Ezekiel (si ryo zina ry'ukuri) wo mu ntara ya Muramvya ati : «Twariko turahunga tuvuye imuhira turi babiri, duca duhura n'abicanyi bafise inkoho n'ubuhiri. Uwo twari

kumwe yari imbere yanje. Abashikiriye baca



baramufata, nanje nguma ngenda buhoro-buhoro,

sinashobora kwiruka kuko natinya ko baca bamfata. Uwo mungenzanje yari imbere baramufata baramwacarika. Na jewe nyene baramfata, baca bambwira ngo nkure ipantalo nca ndicara ubwo nyene baca bantema mu mutwe. Bari abasoda bari kumwe n'abateshejwe izabo. Naciye akenge mbona ndi kwa



**UBU AGATIMA KARASUBIYE HAMWE.**

muganga.  
 Namazeyo amezi abiri.  
 Ubu, ukundi ndi nta co  
 nshobora gukora. Nko mu  
 ci izuba iyo ryatse mu  
 mutwe harashuha nkumva  
 mmerewe nabi. Hari  
 n'indwara zadutse mu nda  
 iyo ndyamyeye ngaramye  
 ndumva mfise imisonga  
 myinshi. Ngiye kurima

simmarayo igihe kirekire,  
 kubera ubumuga bwavuye  
 kugusesererezwa ubuzima,  
 nca ntaha. Murumva ko ata  
 bintu bishemeye ngikora.  
 Kubera ata co nshobora  
 gukora, ubukene  
 bwaranyinjiranye. Biragoye  
 gusabiriza kandi nawe  
 wahora wiha. Nico gituma  
 dusaba ababishobora ko

botuvuza, kugira  
 dukomere, dushobore  
 kwibeshaho. Murazi ko  
 akimuhana kaza imvura  
 ihise. Ubu agatima  
 karasubiye hamwe  
 turavye ingene THARS  
 ituremesha. »  
 Uyo mugabo yagiriwe  
 nabi, asaba abajejwe  
 ubutungane ko bafata

inkozi z' ikibi bakazicira  
 urubanza rukwiranye  
 n' ivyaha bakoze. Avuga ko  
 abo bantu bamusesereje  
 ubuzima atarabitwarira  
 kuko igihe kitaragera aho  
 boburanywa. Ati  
 "Turarindiriye gihe gikwiye.  
 Mu bisanzwe abangiriye  
 nabi ndabazi turabana kuko  
 n' abantu b' ino i wacu".

**BARANDUHUYE.**

Itariki 27/9/2003, nari  
 umunyeshule, mfise imyaka  
 22, nari mu mwaka  
 w' icumi na rimwe. Nari  
 mfise umuhungu  
 twakundana, turaheza  
 turarenga ibwirizwa rya  
 gatandatu, dusambana  
 n' umusoda. Ndaheza  
 ntwara inda, nca mvyara  
 umwana w' igitwarire.  
 Mmaze kwibaruka,  
 umuryango waciye  
 umfata nabi,  
 barandyagumba,  
 barantukagura,  
 baranturubika,  
 bakagomba kunyirukana  
 mu muryango. Basazanje  
 ni bo bambwira ngo  
 ndabakurireho umwana  
 w' abatutsi. Uyo mugabo  
 na we twavyaranye uyo  
 mwana ntiyemeye  
 kumwandikisha muri  
 Komine. I wacu  
 baranyirukana ndabura  
 iyo nja. Rimwe na rimwe  
 umutima wabo uvyutse  
 barampamagara, ariko  
 abari bagoye bari abo  
 basazanje. Kenshi  
 narararaguzi, rimwe na  
 rimwe ababanyi bakampa  
 indaro, ahandi na ho

bakayinyima. Murumva ko  
 nabura imbwa  
 n' imbwebwe. Umugabo



twavyaranye ntiyandaba  
 n' iryahumye. Abo tuvukana  
 ngo twara uyo mwana  
 iwabo. Ivyo rero ni vyo

vyatuma ntuntura ku  
 mutima.

Ubu mbana na  
 Mawe, ngaheza  
 ngakora  
 udukorwa  
 tw' imuhira. Ubu  
 nifuza gusubira  
 kw' ishure.  
 Ingorane mfise ni  
 aho nosiga  
 umwana, kuko  
 inakuru wiwe  
 kumbure  
 atokwemera  
 kumusigarana.  
 Uyo mwana ni  
 muto afise amezi  
 atandatu,  
 n' imiburiburi iyo  
 aba afise imyaka  
 nk' itatu hoho!

Ico nohanura  
 urwaruka ni uko  
 bokwiyubara  
 ntihagire umuntu  
 abahenda kuko  
 umukobwa  
 ashikiwe n' ivyo

vyanshikiye, arabura  
 ubuzima, agatumba ku  
 mutima. Umuvyeyi na we  
 abonye umukobwa wiwe

yatwaye inda nta kundi,  
 yomwihanganira kuko biba  
 vyamaze gushika ! Ku  
 mwigeme yamaze  
 kururwamwo, yoja ahantu  
 bashobora kumuremesha,  
 nk' uko nanje naje muri  
 THARS, bakanduhura  
 umutima. Abakozi ba  
 THARS barambwiye ko ari  
 ibishika, kandi nasanze atari  
 jewe jenyene. Twaciye  
 tugira agashirahamwe  
 gatoya kitwa "Gira aho uba  
 wubashwe ». Iryo  
 shiramamwe ryacu twise  
 Gira aho uba wubashwe na  
 ryo riraremesha umuntu  
 kuko mumaze kuba 4  
 gushika kuri cumi na batanu,  
 murayaga. Umwe-umwe  
 akavuga ingorane yagize,  
 uwundi akavuga iziwe,  
 ugasanga harabayeye  
 ukuremeshanya.

Uyo mwigeme yagize  
 ingorane, amaze  
 kuremeshwa, aremera ko  
 ubuzima bushobora  
 kubandanya na cane cane  
 hamwe Imana yoca inzira  
 agasubira kw' ishule.



**MITENDE YOSE NI THARS.**

umukozi wa THARS ivyanshikiye vyose, nawe arandemesha, kandi yabandaniye no kumvuza. Ariko kubera naguma nibuka ivyambayeko: gukubitwa nk'inzoka, kunigwa mw'izosi, nkagira ivyiyumviro vyinshi, narasamaye, ndatsitara, nca ndavunika; ivya huha

vyongera guhuhuka. THARS yongera kumvuza no kundemesha. Ubu ikintu kingora ni ibinyanya nguma numva umubiri wose. Ikinyamakuru ca THARS carabajije Nsanzurwimo nimba ba bantu yanyegeza yarasubiriye kubabona! Avuga yuko kiretse umwe

aheruka kwitaba Imana, abandi barasubiye mu mihana, kandi bahora baza kumuraba mu bitalo. At'Ubu tubanye neza, turatumirana, nta ngorane ziriho. Ku kibazo c'uko abo bamuseserekeje ubuzima, hamwe bomusaba ikigongwe ko yokibagirira.

Yavuze ko yamaze kukibagirira igihe yaja kwirega kwa Patiri. At'Ingorane mfise n'abana bari mw'ishure batagira ikibafasha; umukenyezi wanje wenyene ntavyo yoshobora. Nsanzurwimo arangiza ashimira ikigo ca THARS akavuga ati « Mitende yose ni THARS ».

**UKUBANGURANYA.**

Mu migambi ikigo THARS cishinze, harimwo ivyo kuremesha amahoro no kunywanisha abantu. Muri iyo ntumbero, umuyobozi wa THARS, David Niyonzima afadikanije n'umushingantahe Lon Fendall, baranditse igitabo citwa


abantu no kurekuriranira mu Burundi. Ico gitabo gicapuyeko inka zibiri zisomekeranije amahembe kikaba gifise hafi impapuro ijana na mirongitanu. Intangamarara yanditswe na David Rawson yandikiye mu Burundi akaba yahora aserukira Leta Zunze Ubumwe za Amerika mu gihe haba ihonyabwoko mu Rwanda. Muri iyo ntangamarara, David Rawson avuga ati? "...Aba bahinga... basorongoza ingene integuro y'Imana y'amahoro, n'inkuru nziza yo kwuzuriza abatase igoye gutahura ukurikije ingorane

ziri muri Afrika yo Hagati. Ivyo bintu bisiga ubwenge, bikaba akataraboneka. Mbega vya bikorwa

kwandikwa mu Congereza hanyuma kubera ugukundwa gica gihindurwa mu Kirundi. Kigurwa amafranga ibihumbi cumi na bitanu (15.000), kikaboneka hafi hose mu maguriro y'ibitabo i Bujumbura.



Abanditsi b'igitabu "UKUBANGURANYA"



"UKUBANGURANYA" kivuga ivyo kunywanisha

bitangaje, ububasha n'inkomezi z'Imana bibonekera muri Afrika yo Hagati, ko bipfukwa n'amabi akorerwa abana b'abantu? Inyishu zituma umuntu atahura, Niyonzima na Fendall barazitomora neza".

Ico gitabo cabanje

*Woba ufise ingorane zo guhahamuka Soma ikinyamakuru ca THARS*

*Andikira THARS izobagira inama!*

*BP :6311 Bujumbura*